GOSPODARKA I INNOWACJE

LABORATORIUM WIEDZY Artur Borcuch

Volume: 24 | 2022

ISSN: 2545-0573

# ҚОСЫҚЛАР ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ МУЗЫКА КӨРКЕМ-ӨНЕРИНДЕ КЕҢ РАЎАЖЛАНҒАН БЕЛГИЛИ ЖАНРЛАРДЫҢ БИРИ

**Ширин Наурызбаева**

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы 2 курс студенти*

**A R T I C L E I N F O.**

***Ключевые слова:***
Каракалпакская народная музыкальная культура, сцена, музыкальное творчество, каракалпакская народная песня, народный артист, жанр.

**Аннотация**

Одним из знаменитых жанров каракалпакского народного музыкального искусства считается песня. Народ богат своим политическим бытом, живностью, духовной культурой и психологией впитавшийся своими историческими событиями.

http://www.gospodarkainnowacje.pl/ © 2022 LWAB.

Президентимиз халқымыздың руўхый жетилистириўинде дөретиўшилердиң хызмети оғада үлкен екенин айрықша атап өтип, раўжланыўымыздың ҳәзирги басқышында барлық тараў ўкаллери қатарында мәдeният ҳәм көркем-өнер хызметкерлерин де және де белсене, жаңадан-жаңа дөретиўшилик идеялар ҳәм басламалар менен жасаў, излениў руўхый талап етилип атырғанлығы атап өтти. [2. Б.101-102]

Қосықлар қарақалпақ халық музыка көркем-өнеринде кең раўажланған белгили жанрлардың бири болып есапланады. Халық өзиниң сыясый турмыс тиришилиги менен руўхый кейпин салт-сана ҳәм психологиясын өзинде сиңдирген тарийхый ўақыяларға бай. Қосық адамларды ҳадал мийнет, шын дослық, беккем муҳаббат қаҳарманлыққа руўхландырып, эститикалық заўыққа бөлип келеди. Олар жалпы халықтың түсинигине, ойларына сай болып, адамлар қосық, саз арқалы өзлериниң қуўанышын, шадлығын, муң-шерин, арзыў, әрман-нийетлерин билдирип отырды. Өйткени сөз бенен жеткере алмайтуғын нәзик ойларды саз арқалы бериў анағурлым оңай ҳәм тәсирли болатуғынлығы ҳәммеге мәлим. Сонлықтан халық қосықлары өзи дөреткен халықтың турмыс тиришилиги менен бирге раўажланып келеди.

Қарақалпақ халық қосықлары Орта Азияның басқа халықларындай-ақ нота, жазыўы болмағанлықтан әўладтан- әўладқа, атадан- балаға дегендей, шәкиртлер устаз қуўып, шәкирттен устазға өтиў жолы менен бизиң заманымызға жетип келди. [3.Б.22-23].

Оларды әсирлер бойы халықтың есинде сақлап киятырған музыка байлығының дөретиўшилери, сақлаўшылары, қосықшылар басқа да халық творчествосының ўәкиллери болды. Халықта ҳәр қыйлы дәрежедеги талант ийелериниң дөретпелериниң ең ҳасылы ғана сақланып, көркемлилиги төмен дөретпелердиң көбинесе қатарға ерип жүре алмай тез умытылып кеткенлиги мәлим. Себеби дөретпениң идеялық мазмунын халық массасының аўыл-ойы. Арзыў-әрманлары менен

сабақлас болғанлары ғана есинде қалған.

Қарақалпақ халқы өзиниң аўыз-еки творчествосына, соның ишинде қосықлардың әлўан түрлерине оғада бай. Олар халықтың әсирлер бойы жүрегинде сақланып киятырған ойларын, жүрек шерин ҳәм кейпин аңлатыў менен бирге терең тарийхый дереклерге ийе.

Халық өзиниң ишки сезимлерин тек нама арқалы ғана емес, нама менен тексттиң бирлеспеси болған қосық арқалы ҳәр тәреплеме жеткерип бере алады. Мийнеткеш халық өзиниң қосық дөретпесинде турмыс ҳақыйқатлығын реал баян еткен. Елдиң бүлгиншиликке ушырап, талай мәртебе көшип қоныўына қарамастан өзиниң қосық дөретпесин қәдирлеп сақлай биледи. Ол ҳәр қандай қыйыншылық жағдайларда да халықтың руўхый байлығы болып хызмет етти. Сонлықтан халық өзиниң көркем-өнерин тек кеўил көтериў ушын ғана емес, ал соның менен бирге азатлық, ғәрезсизлик, ҳадал мийнет ҳәм жақсы турмыс ушын гүресинде өткир қурал сыпатында пайдаланды.

Қарақалпақ халық қосықларының тематикасы ҳәр қыйлы болыўы оның музыкалық жанры жағынан ҳәр тәреплемелиги менен тығыз байланыста раўажланып келеди. Ҳәр бир қосық өзиниң поэтикалық тексти ҳәм мелодия екеўиниң бирикпеси болған- нама арқалы органикалық беккем байланыста дүзиледи. Ҳәр бир қосықтың тексти менен мелодиясы теңдей баҳаға ийе болып бир мақсетти орынлаўға бийимленген. Халық қосықларының мелодиялық қурылысы поэтикалық текст қатарлары менен өз-ара тығыз байланыста болыўы менен қатар бирин-бири толықтырып, күшейтип отырады. [4. Б.57-58].

Мелодиялық уғымлардың кейни текст қатарларының ақыры менен ушласып поэтикалық цезура, мелодиялық цезура болып та есапланады. Ретинде тағы да бир айтылатуғын нәрсе халықта «Қуры сөз қулаққа жақпас» дегендей намасыз қосықтың жалаң өзи сақланып қалмайды. Өйткени қарақалпақ қосық қурылысында тақмақ түри болмай, айтым қосықлары кең таралып, намаққа салып айтылып келгенлигиниң өзинде қосықты бирден бир алып жүриўши ҳәм кең таратыўшы, умыттырмаўшы нама екенлиги буның айқын дәлийли бола алады. Ҳәттеки дәстанлардағы Насрий (қара сөзлердиң) айтылыў жағдайлары, бет ашар, нақыл-жуўап айтыслардың өзинде де нағышлы интонацияларға салынып айтылатуғын мелодиялық ырғақларды көремиз. Қарақалпақ халық намаларында мийнет адамларының келешекке умтылыўлары, арзыў-әрманлары, тарийхый ўақыялар, үрп-әдетлер, ҳадал-муҳаббат ҳәм муң шерлери сүўретленеди.

Қарақалпақ халық намаларының музыкалық жақтан анализлеў исине өзбек музыка изертлеўшиси И.Акбаров өзиниң «Қарақалпақ халық намалары» топламына жазған алғы сөзинде бир қатар пикирлер айтылады. Ол қарақалпақ халық намаларын «қосықлар» ҳәм «дәстанлар» деп еки топарға бөледи, сондай-ақ қарақалпақ халық намаларының өзгешеликлери, оның мелодиялық, ритмикалық қурылыслары ҳәм оның басқа халықлардың музыкасы менен байланысы ҳаққында бир қанша баҳалы пикирлер келтиреди. [5. Б.167-168].

Халық намаларының В.Шафранников тәрепинен таярланған «Каракалпакские народные песни» топламында қарақалпақ халқының қосықларын белгили бир системаға салып, оларды бир қанша типге бөледи: лирикалық, эпикалық, тарийхый, социаллық протест, ойын-күлки ҳәм сазлар т.б. В.Шафранников қосықларды усылайынша типлерге бөлиўди қосық текстиниң мазмунына қарай бөлмей, намасының характерине қарай бөлиўге ҳәрекет еткен. Қарақалпақ музыка изертлеў жумысында булай етип типлерге бөлиў композитор В.Шафранников тәрепинен исленген дәслепки баслама болды. Бырақ тилекке қарсы қарақалпақ халқы арасында кең таралып, сүйикли дөретпеси болған дәстүр-салт қосықлары буған киритилмеген. [6. Б.390].

Қарақалпақ халық қосықларын жанрлық жақтан бөлиўди алды менен халық музыкасының атқарыўшыларының, бақсы, жыраў, сазенде, қыссахан, қосықшы т.б. болып бөлиниўлерине қарай оны халық қосықлары ҳәм қарақалпақ халық композиторларының дөретпелери де еки үлкен топарға бөлиў зәрүрлигин изертлеў жуўмақларымыз анық көрсетеди. Халық

қосықларының мийнет, тарийхый. Ўатан ҳәм ўатанды сүйиў, дәстүр-салт (бесик жыры, ҳәўжар, ярамазан, жоқлаў, сыңсыў), муҳаббат қосықлары, қызлар қосықлары, динге байланыслы қосықлар т.б. бир қанша түрлери ушырасады. Олар кең халық массасының атқарыўына ылайық болып, атқарыўшыдан аўыз еки профессионал музыкасы сыяқлы айырықша қәнигеликти талап етпейди. Халық қосықларын қосық айтыўға уқыбы бир қәлеген адам атқара бериўи мүмкин. Халық қосықларының текстиде, намасыда қыйнаған турмыстан дөреген коллективтиң мийнети, оны дөретиўшиде, атқарыўшыда халық. [7. Б.57-58].

**Пайдаланған әдебиятлар**


1. Mirziyoev Sh.M.  Elimizdin’ ziyalilari wakilleri menen ushirasiw.  Erkin Qaraqalpaqstan gazetasi.-3 avgust 2017 jil № 97-98 san.
2. Mirziyoev Sh.M**.** O’zbekistan do’retiwshilerin qollap-quwatlaw boyinsha “Ilxam” ja’miyetlik fondin sho’lkemkestiriw xaqqinda. Erkin Qaraqalpaqstan gazetasi. -12 avgust 2017 jil №101-102 san.
3. Адамбаева Т. «Қарақалпақ музыкасы тарыйхынан». «Қарақалпақстан» 1991-ж. 22-23 б.
4. Адамбаева Т. «Қарақалпақ музыкасы тарыйхынан». «Қарақалпақстан» 1991-ж. 57-58 б.
5. Акбаров И.  «Қарақалпақ халық намалары»  «Қарақалпақстан» 1991-ж. 167-168 б.
6. Аманиязов Ғ. «Халық сүйген қосықлар» «Билим» 1991 ж.117-118 б.
7. В.Шафранников «Каракалпакские народные песни» Москва: Музгиз, 1959. 390 с.
8. Сайтбекова С. «О жанрах каракалпакских песен». //Вестник ККО АН РУз. 2004. № 1-2. — С. 128.
9. Abdumutalibovich, A. M. (2020). Methods of working with studies in piano lessons at the University. Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR), 9(7), 49-55.
10. Abdumutalibovich, A. M. (2020). The art of musical culture in medieval period in central asia (v-xv centuries). Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR), 9(8), 48-51.
11. Abdumutalibovich, A. M. (2021). Working on the Artistic Characteristics of Performance in the Teaching of Instruments and Ensemble for Students of Higher Education Music. International Journal on Integrated Education, 4(11), 38-41.
12. Abdumutalibovich, A. M. (2022). The relevance of traditional singing and its place in higher education. International Journal on Integrated Education.(IJIE), 5, 212-216.
13. Abdumutalibovich, A. M. Activity Of Folklor-etnographical Groups And Learning The Preformance Programmes. International Journal on Integrated Education, 3(12), 535-537.
14. Abdumutalibovich, A. M. R. The study of the life and creativity of yunus rajabi and the rich heritage he left to the uzbek nation. International Journal on Integrated Education, 3(12), 40-43.
15. Abdumutalibovich, A. M. To give higher education students an understanding of the description of the songs in the Shashmaqom series. Multidisciplinary Peer Reviewed Journal-Journal NX, 8, 187-193.
16. Abdumutalibovich, M. A. (2022). ANALYSIS OF THE STAGES OF HISTORICAL DEVELOPMENT OF UZBEK FOLKLORE. Gospodarka i Innowacje., 23, 232-241.
17. Abdumutalibovich, M. A. (2022). Exploring the work of george bizet in music education classes in higher education. Academicia Globe: Inderscience Research, 3(03), 80-86.
18. Abdumutalibovich, M. A. (2022). HISTORY OF MUSICAL SCIENTISTS OF UZBEKISTAN. Gospodarka i Innowacje., 23, 242-248.

19. Abdumutalibovich, M. A. (2022). Musical life in the samanid period in the IX-X centuries and Uzbek music in the XI-XV centuries. Gospodarka i Innowacje., 22, 527-537.
20. Abdumutalibovich, M. A. (2022). The role of the system of authorities and the historical formation of shashmaqom in the teaching of music to students of higher education. Academicia Globe: Inderscience Research, 3(02), 121-127.
21. Abdumutalibovich, M. A. To Raise Awareness of Students of Higher Education in the Field of Uzbek Folk Music From the Culture of the Ancient East to the Present Day. International Journal on Orange Technologies, 3(12), 91-97.